


## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Desain Panalungtikan

Desain nu dipaké dina ieu panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah nu dilakukeun dina panalungtikan. Anapon ieu desain panalungtikan digambarkeun dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

### 3.2 Métode Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif. Pamarekan kualitatif maham kana maksud tina kajadian-kajadian jeung interaksi manusa dina situasi nu tangtu (Ratna, 2013, kc. 46). Nu diutamakeun dina panalungtikan kualitatif nya éta sakumaha jerona pamahaman interaksi konsép-konsép anu keur ditalungtik (Semi, 1993, kc. 11).

Tina keterangan Semi bisa dijéntrékeun, pamarekan kualitatif digunakeun pikeun maham kana ma'na tina sawatara ciri pamarekan kualitatif. Ciri pamarekan kualitatif nurutkeun Bodgan & Biklen dina (Semi, 1992, kc. 30-32) nya éta (1) latar alamiah (*natural setting*) mangrupa sumber data jeung panalungtik salaku instrumén konci; (2) panalungtikan kualitatif sipatna déskriptif, hartina datana dina wong kecap atawa gambar, lain dina wong angka; (3) leuwih ngutamakeun prosés lain hasil; (4) analisis datana sacara induktif; jeung (5) leuwih tuju kana ma'na.

Dumasar kana pamarekan kualitatif, métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analisis. Métode déskriptif analisis mangrupa métode nu ngadéskripsikeun fakta-fakta, nu tujuanna pikeun nyangkem unsur-unsurna, tuluy dianalisis (Ratna, 2013, kc. 53).

Nurutkeun Semi (1992, kc. 38-39) léngkah-léngkah nu dilaksanakeun dina panalungtikan kualitatif, nya éta (1) nyusun konsép, dina kagiatan nu munggaran, panalungtik ngarumuskeun masalah; (2) ngumpulkeun bahan-bahan nu ngarojong kana panalungtikan, boh kapustakaan boh informan; (3) ngalaksanakeun panalungtikan, dina ieu kagiatan panalungtik ngumpulkeun data, nyatet data, ngalaksanakeun panalungtikan, sanggeus data kakumpulkeun tuluy dikelompokkeun; (4) ngadéskripsikeun hasil panalungtikan, dina ieu tahap dilaksanakeun analisis data, interpretasi, jeung ngdéskripsikeun hasil panalungtikan, sanggeus kitu ngarumuskeun kasimpulan. Salila prosés ngumpulkeun data, konsép nu geus aya bisa robah deui, jeung bisa disusun deui konsép nu anyar.

### **3.3 Téhnik Panalungtikan**

#### **3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta studi pustaka. Ieu téhnik dipaké nalika ngumpulkeun data pikeun nganalisis data tur néangan sumber tiori nu ngarojong kana panalungtikan.

#### **3.3.2 Téhnik Nganalisis Data**

Data nu mangrupa unsur intrinsik jeung psikologi dina novel dikumpulkeun tuluy dianalisis. Unsur intrinsik nu dianalisisna nya éta téma carita, alur, palaku jeung watek (penokohan), judul, tilikan pangarang/*point of view*, gaya basa. Unsur psikologi nu dianalisisna nya éta *id*, *ego*, jeung *superego*. Anapon léngkah-léngkah dina nganalisis data nya éta:

- 1) ngadéskripsiéun eusi novel *Sripanggung*, dina wangun ringkesan carita. Dina tahap déskriptif nya éta sakabéh data anu geus kakumpul dipatalikeun jeung masalah nu rék ditalungtik.
- 2) nyieun klasifikasi data nu geus didéskripsiéun luyu jeung masalah séwang-séwangan. Sabada novel *Sripanggung* ditulis sinopsisna, diklasifikasiéun dumasar unsur caritana (tema carita, alur, palaku jeung watek (penokohan), judul, tilikan pangarang/*point of view*, jeung gaya basa) anu engkéna baris dianalisis.
- 3) ngayakeun analisis kana data anu geus diklasifikasi dumasar kelompokna séwang-séwangan dumasar tiori anu luyu jeung panalungtikan. Dina ieu panalungtikan leuwih nyoko kana unsur palaku jeung watek (penokohan) anu engkéna jadi dadasar atawa bahan pikeun analisis unsur psikologisna.
- 4) napsirkeun hasil analisis data pikeun ngahontal tujuan panalungtikan.
- 5) ngecék ulang kana hasil analisis data pikeun ngamutolaah nu pangbenerna, nepi ka bisa méré hasil anu hadé tur bisa dipertanggungjawabkeun.

#### **3.3.3 Interpretasi Data**

Sanggeusna data dianalisis, didéksripsikeun tuluy data di interpretasi. Ieu interpretasi dipaké nalika ngagambarkeun hubungan antar unsur nu aya dina carita. Salian ti éta, dipaké pikeun ngajén novel nu keur ditalungtik.

### **3.4 Instrumén Panalungtikan**

Instrumen nya éta pakakas nu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikan (Arikunto dina Irtanti, 2014, kc. 36). Instrumen nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta format buku, kartu data, slip data. Dina kartu data nu aya dina panalungtikan aya informasi ngeunaan cutatan nu ngagambarkeun unsur intrinsik jeung psikologis. Dina slip data nu aya dina panalungtikan aya interpretasi hubungan antar unsur, jeung interpretasi keseluruhan.

#### **1) Format Buku**

No.	Judul Buku	Keterangan	
		Sastrा	Basa

#### **2) Kartu Data**

##### **Kartu data analisis struktural**

<b>KARTU DATA</b> Analisis struktural novel <i>Sripanggung</i>  (cutatan struktural dina novel <i>Sripanggung</i> )  (kaca)
--

### Kartu data analisis psikologi


<b>KARTU DATA</b>
Analisis psikologis novel <i>Sripanggung</i>
(cutatan psikoanalisis palaku jeung penokohan)
(kaca)

### 3) Slip Data

<b>SLIP DATA</b>
<b>1) Hubungan antar unsur</b>
_____
_____
_____
<b>2) Interpretasi psikologi</b>
_____
_____
_____

### 3.5 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta novel nu judulna *Sripanggung* karyana Tjaraka nu ngaran aslina mah Wiranta pedalan ti PT Kiblat Buku Utama. Sedengkeun data dina ieu panalungtikan nya éta unsur intrinsik novel nu ngawengku tema, fakta carita (alur, palaku jeung watek (penokohan), jeung latar), jeung sarana carita (judul, tilikan pangarang/*point of view*, jeung gaya basa). Salian ti éta ogé aya unsur psikologi palaku dina novel.



Gambar 3.1 Cover Novel *Sripanggung*

### 3.5.1 Déskripsi Novel *Sripanggung*

Novel *Sripanggung* karya Tjaraka wedalan ti PT Kiblat Buku Utama, citakan ka-3 taun 2002. Ieu novel ngalaman tilu kali citak ulang ku penerbit anu bédha. Citakan anu munggaran dicitak ku Langensari, Bandung taun 1963, nu keduana di citak ku Girimukti Pusaka, Jakarta taun 1991.

Ieu novel nyaritakeun kahirupan wanoja nu cicing di perkebunan entéh, ngaranna Nyi Patmah tapi sok disebut Empat nu pagawéanna jadi tukang metik entéh, manéhna boga sora nu alus pisan. Lantaran boga sora alus manéhna sok dititah ngahaleuang ku mandor. Nalika Empat keur ngahaleuang di kebon entéh, datang mandor jeung budak mandor besar nu ngarana Cép Tatang, jajaka nu resep kana kasenian Sunda. Ana jep téh Empat teu ngahaleuang deui. Cép Tatang teu bisa poho ka nu ngahaleuang di kebon entéh, nepi ka Nyi Empat dititah ngahaleuang di imah mandor.

Lila ti lila Cép Tatang anu keur liburan téh mindeng nepungan Empat ka imahna, rék diajar nembang. Tapi Indung Cép Tatang teu satuju lantaran lain

jalma nu sababad jeung manéhna. Sanajan indungna henteu nyatujuan, keukeuh Cép Tatang panggih jeung Empat, lantaran lain ngan ukur hayang diajar nembang tapi geus aya rasa nu leuwih di antara duanana, nepi ka Cép Tatang jangji rék ngawin Empat. Tapi harita Tatang keur sakola kénéh jeung kudu balik deui ka kota, jadi Empat nyokot kaputusan rék nungguan Tatang balik deui ka lemburna.

Nu micangcam Empat lain Tatang hungkul, aya Anom Anton nu mikahayang ka Nyi Empat. Anom Anton boga maksud ngajadikeun Empat Nyaina, ari Empat teu satuju, nepi ka manéhna luluasan kabur ninggalkeun perkebunan. Empat ditéangan ku indung bapana, ogé ku Tatang tapi teu kapanggih. Nepi ka Empat jadi sinden nu kasohor di kota, teu papanggih jeung Tatang. Sanggeusna Tatang boga anak-pamajikan kakara panggih jeung Empat, jadi Tatang jeung Empat ngadon jadi baraya.

### 3.5.2 Biografi Singget Pangarang

Disebutkeun dina novel *Sripanggung* bagian mimiti yén, Tjaraka ngaran aslina Wiranta, lahir di Sumedang, taun 1902. Kungsi jadi guru bantu di Sakola Kelas II Kalapa Nunggal, Sukabumi (1917-1923). Sanggeus boga diploma *Boekhoeding A*, terus ganti pacabakan jadi Assistant *Boekhouder* di Karawang. Ukur meunang dua taun, lantaran terus kapincut jadi jurunalis, taun 1925, Tjaraka pindah ka Bandung, ngokolakeun mingguan basa Sunda.

Karya sastra Sunda munggaranana winangun roman, *Isukan Kuring Digantung*, anu medal dina jaman pamaréntahan kolonial, meunang pangbagéa anu pohara ti masarakat dina alam harita, tangka dipindo citak sababaraha kali. Ti dinya ditéma deui ku *Hanjakal Jadi Awéwé*. Salian dina basa Sunda, Tjaraka ogé sok nulis dina basa Indonésia deuih, di antarana *Antara Idup dan Mati atawa Buron dari Boven-Digoel*.

Waktu keur jadi jurnalis, Tjaraka kungsi dihukum sataun alatan delik pers, patali jeung artikelna, “Tan Malaka Dibuang”. Teu lila ti tas bébas, meunang opat taun, Tjaraka dibuang ka Digul, Irian, sabab dituding barontak ka pamaréntah Hindia Walanda, tepi ka taun 1931.

Samulangna ti pangbuangan, Tjaraka ancrub deui jadi jurnalis. Kungsi milu ngokolakeun surat kabar *Kiaw Po* (Bandung), *Sinar Pasoendan* (Bandung),

*Matahari* (Semarang), jeung *Keng Po* (Jakarta). Lian ti éta, kungsi jadi redaktur majalah basa Sunda *Bijaksana*.

Dina jaman pendudukan Jepang, Tjaraka dibui deui, lantaran dituding ngayakeun gerakan perlawanan ka tentara Jepang. Bébas-bébas deui sanggeusna jaman proklamasi. Saterusna Tjaraka kungsi icikibung dina perjoangan révolusi kamerdékaan, tepi ka taun 1949. Ti dinya, Tjaraka balik deui jadi guru Sakola Rayat di Bandung. Ti taun 1963 jadi rédaktur majalah Sunda *Langensari* tepi ka kubrana.

Saterusna kahirupan Tjaraka ukur ngandelkeun tina nulis. Teu kungsi meunang pangsiun, boh tina guru boh tina véteran, padahal kungsi jadi perwira. Karyana anu geus dibukukeun nya éta *Néangan, Béntang Rumah Tangga, Awéwé Dulang Tinandé*, jeung *Ménak Baheula*. Tjaraka tilar dunya di Bandung, taun 1983.